

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina pangajaran basa aya opat aspek kaparigelan basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Éta opat aspék kaparigelan basa téh kudu dicangkem ku siswa di sakabéh tingkatan sakola, utamana di tingkat SMP/MTs.

Salah sahiji kaparigelan basa anu kudu dicangkem ku siswa di tingkat SMP/MTs kelas VIII téh nya éta kaparigelan nulis. Widyamartaya dina (Wicaksono, 2014, kc. 10) nétélakeun yén “nulis bisa dihartikeun minangka sakabéh runtuyan kagiatan hiji jalma ngungkapkeun gagasan jeung nepikeunna ngaliwatan basa tulis ka nu maca pikeun dipikaharti saluyu jeung anu dimaksud ku pangarang”. Salian ti éta, Tarigan dina (Wicaksono, 2014, kc. 10) nétélakeun yén “nulis mangrupa hiji kagiatan anu produktif jeung éksprésif”. Jadi, nulis mangrupa sakabéh runtuyan kagiatan anu bakal ngahasilkeun hal anyar anu ditepikeun ku pangarang utamana dina widang sastra saperti sisindiran. Kagiatan nulis sisindiran mangrupa salah sahiji kompetensi dasar nulis anu aya di kelas VIII.

Sisindiran téh mangrupa omongan atawa caritaan anu dibalibirkeun atawa henteu togmol anu diwangun ku cangkang jeung eusi. Wangun dina sisindiran aya tilu nya éta wawangsalan, rarakitan, jeung paparikan. Nurutkeun Koswara (2013, kc. 71) paparikan téh nya éta salah sahiji wangun sisindiran anu mentingkeun padeukeutna sora (sada) dina cangkang jeung eusi. Kecap paparikan téh asalna tina “parik”, tina “parek”, hartina deukeut. Ari anu padeukeutna téh nya éta sora (sadana) nu aya dina cangkang jeung eusi. Dina paparikan mah sora atawa sada anu sarua téh (purwakanti) margaluyu wungkul, tegasna ukur purwakanti dina

unggal tungtung jajarana. Sanajan kitu, aya ogé paparikan anu mindoan wekas, nya éta anu saruana téh lain sora, tapi kecap dina tungtung jajarana.

Dina kagiatan nulis paparikan, siswa nganggap nulis paparikan téh kawilang hésé, sabab dina ngabédakeun wangun sisindiran ogé siswa sok pahili antara paparikan jeung rarakitan. Salian ti éta, siswa ogé jarang merhatikeun kana aturan dina nulis sisindiran saperti jumlah engang dina unggal padalisan, wangun sarta eusi dina paparikan, éjahan, pilihan kecap atawa diksi sarta karapihan dina tulisanana. Éta hal katitén ogé tina hasil panalungtikan saméméhna ku Nuraeni anu judulna *Modél Pangajaran Numbered Heads Together (NHT) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Paparikan “Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa kelas VIII I SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajaran 2013/2014”* anu hasil *pretest*na 65,13, hartina siswa can mampuh atawa can bisa ngahontal KKM (75). Nilik kana éta pasualan, guru diperedih kudu bisa méré solusi sangkan éta pasualan bisa dikungkulan.

Nalika pangajaran lumangsung, guru kudu kréatif sangkan pangajaran téh bisa ngirut siswa sarta siswa sumanget nalika diajar di kelas. Salah sahiji carana nya éta ku cara ngalarapkeun modél pangajaran kalayan bener tur merenah. Modél pangajaran mangrupa pedoman pikeun guru jeung siswa dina ngalaksanakeun proses diajar-ngajar. Kamampuh siswa maham kana matéri sisindiran (paparikan) gumantung kana prosés diajarna sarta modél pangajaran naon anu dipakéna. Dumasar panalungtikan Gage & Barliner dina (Indriana, 2011, kc. 17), siswa nu diajar ngagunakeun modél pangajaran bisa nginget patalékan ngeunaan informasi konséptual 57% leuwih loba tibatan siswa nu narima pangajaran teu ngagunakeun modél. Katitén yén modél pangajaran penting pisan dina prosés pangajaran di kelas. Modél pangajaran téh rupa-rupa, salah sahiji modél pangajaran anu bisa dijadikeun pikeun ngajar di kelas nya éta modél pangajaran *Make a Match*.

Saméméhna geus aya panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Make a Match* anu dilaksanakeun ku mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa

Daerah FPBS UPI. Dina panalungtikan saméméhna aya nu dilarapkeun dina pangajaran basa, aya ogé anu dilarapkeun dina pangajaran sastra. Kahiji, dina kompetensi dasar nulis aksara Sunda ku Elsi Juliar anu judulna “Kaéféktifan Modél Make-A Match jeung Modél Explicit Intruccion dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMAN 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)”. Kadua, dina kompetensi dasar nulis surat resmi ku Nabila Azmi Agustina anu judulna “Model Pembelajaran Make a Match dina Pangajaran Nulis Surat Resmi” (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa IX-F SMP Negeri 1 Sukaraja, Kabupaten Sukabumi Taun Ajaran 2013/2014. Katilu, Esa Hilma anu judulna “Model Pangajaran Make a Match pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Guguritan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa kelas VIII-B SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2014/2015)”.

Nilik kana judul di luhur, panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Make a Match* masih perlu dilaksanakeun. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nya éta dina tipe pangajaran jeung objekna. Saméméhna modél pangajaran *Make a Match* téh dilarapkeun dina pangajaran basa saperti nulis aksara Sunda anu objekna di kelas X jeung nulis surat resmi anu objekna kelas IX SMP. Sok sanajan dina tipe pangajaran jeung objekna aya nu sarua dina pangajaran sastra tapi dina kompetensi dasarna mah béda, lantaran panalungtikan saméméhna mah leuwih museur kana kompetensi dasar nulis guguritan anu aya dina KIKD, sedengkeun dina ieu panalungtikan mah kompetensi dasarna nulis sisindiran anu aya dina SKKD.

Dumasar pedaran di luhur, panalungtikan anu judulna “*Modél Pangajaran Make a Match pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Paparikan (Studi Kuasi Ékspérimén ka siswa kelas VIII-A MTS Yamisa Ciwidey Kabupaten Bandung Taun Ajaran 2015/2016)*” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, hal anu ditalungtik ngawengku kamampuh nulis paparikan siswa saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Make a Match*.

Kamampuh nulis sisindiran ditilik tina hasil tulisanana. Nurutkeun (Koswara, 2013, kc. 69) wangun sisindiran téh aya tilu rupa, nya éta wawangsalan, rarakitan jeung paparikan. Ieu tilu wangun téh mibanda sipat anu sarua, nya éta silih asih, piwuruk jeung sésébréd.

Salian ti éta wangun sisindiran téh kauger ku purwakanti (sasaruaan kecap), jumlah engang dina unggal jajar (padalisan) jeung jumlah padalisan dina unggal pada (Sudaryat dkk, 2011, kc. 147).

Sangkan teu lega teuing ambahanana ieu panalungtikan téh diwatesanan, panalungtik ukur nalungtik ngeunaan salah sahiji wangun tina sisindiran nya éta paparikan, sipat paparikan jeung patokan atawa ugeran dina nulis paparikan.

Nalika prak-prakanana di kelas, ieu pangajaran téh ngagunakeun modél pangajaran *Make a match* anu dilarapkeun dina matéri nulis paparikan. Dina modél pangajaran *Make a Match* siswa kudu néangan pasangan tina kartu paparikan anu dicekelna sarta nyebutkeun naon sipat anu aya dina éta kartu paparikan.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) kumaha kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-A MTs Yamisa Ciwidey taun ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match*?
- 2) kumaha kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-A MTs Yamisa Ciwidey taun ajaran 2015/2016 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match*?
- 3) naha aya béda anu signifikan atawa henteu antara kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-A MTs Yamisa Ciwidey taun ajaran

2015/2016 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Make a Match*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji modél pangajaran *Make a Match* téh cocog atawa henteu dina ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis paparikan.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-A MTs Yamisa Ciwidey taun ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match*.
- 2) kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-A MTs Yamisa Ciwidey taun ajaran 2015/2016 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match*.
- 3) aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-A MTs Yamisa Ciwidey taun ajaran 2015/2016 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Make a Match*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat, nya éta bisa nambahan pangaweruh ngeunaan pangajaran nulis paparikan, ogé ngeunaan modél pangajaran *Make a Match* anu bakal ngirut minat siswa nalika diajar nulis paparikan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) pikeun guru, bisa ngungkulan pasualan anu aya di siswa nalika diajar ku cara ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match* sangkan siswa bisa maham kana materi anu ditepikeun;

- 2) pikeun siswa, sangkan numuwuhkeun minat siswa dina diajar, utamana dina diajara nulis paparikan, ngaronjtakeun tingkat maham matéri paparikan sarta leuwih aktif nalika prosés diajar lumangsung; jeung,
- 3) pikeun panalungtik nya éta mekarkeun ide sarta kreativitas dina pangajaran basa Sunda, hususna dina pangajaran nulis sisindiran dina wangun paparikan ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match*.

1.5 Sistematika Tulisan

Dina ieu skripsi, sistematika panulisan diwangun ku lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panulungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika panulisan;

BAB II Ulikan Pustaka, eusina ngeunaan modél pangajaran, modél *Make a Match*, tiori nulis, nulis sisindiran (paparikan) sarta medar kalungguhan tioritis ieu panalungtikan;

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, partisipan dina panalungtikan, populasi jeung sampel, instrument panalungtikan, prosedur panalungtikan, sarta analisis data;

BAB IV Hasil Panalungtikan, eusina ngeunaan hasil panalungtikan pangajaran sisindiran (paparikan) saméméh jeung sabada ngagunakeun model *Make a Match*, ngabandingkeun béda anu signifikan antara kamampuh awal jeung kamampuh ahir;

BAB V Kacindekan jeung Saran, eusina ngeunaan kacindekan ahir tina panalungtikan, sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan kahareupna.